

**SIGNATURE HEALTHCARE
BROCKTON HOSPITAL**

Sijè : Kredi ak Rekouvremman	Paj 1 nan 9 paj
Dat orijinal li antre an vigè : Jiyè 1986	Dat yo te revize l : Avril 90, mas 2005 Kòd klasifikasyon : 400.301 Dat yo te revize l : Avril 2012, avril 2014, fevriye 2018, Septanm 2019
Referans yo : 101 CMR 613.00	Seksyon sou regleman yo : IV Depatman / komite ki te bay li a : Finans

OBJEKTIF :

Bay bonjan regleman finansye ak pratik pou asire moun yo konfòme yo avèk lwa federal ak lwa eta a pou asire yo ranbouse lopital la pou sèvis li bay yo.

REGLEMAN :

Se regleman lopital la pou l chache pou yo ranbouse l pou sèvis li bay pasyan ki kapab peye yo nan men tyès pati asirans ki responsab pou peye lajan pou swen pasyan an ak nan men pwogram asistans gouvènman an oswa pwogram asistans ki pa pou gouvènman an pasyan an kalifye pou yo a. Epi, Lopital la ap bay sèvis gratis oswa a yon pri redui pou pasyan ki endijan medikalman men ki pa kalifye pou lòt fòm asistans yo. Anplis, Lopital la ap bay resous ak bay konsèy pou ede pasyan yo aplike pou asistans. Lopital la ap kenbe konfidansyalite enfòmasyon medikal ak finansye tout pasyan yo an akò ak lalwa federal ak eta a, ki an vigè yo, sou respè lavi prive, sekirite ak vòl idantite.

RESPONSABLITE :

Se responsablite Depatman sistèm finansye pasyan an pou l aplike ak jere regleman sou kredi ak rekouvremman an.

PWOSEDI :

A. Kolekte enfòmasyon sou resous finansye ak kouvèti asirans pasyan an

a) Lopital la ap travay ak pasyan an pou l konseye l sou responsablite l pou l bay enfòmasyon enpòtan ki anba yo :

Anvan yo ba l nenpòt sèvis swen sante (eksepte sèvis yo bay pou estabilize yon pasyan yo detèmine ki gen yon sitiyoasyon medikal ijan oswa ki bezwen sèvis swen imedyà), pasyan an gen pou responsablite pou l bay atan enfòmasyon ki egzat sou zafè asirans li kounye a, enfòmasyon demografik li, chanjman nan revni fanmi l oswa nan kouvèti asirans li (si genyen), epi, si l konnen, enfòmasyon sou dediktib oswa ko-peman asirans li a oswa pwogram finansye l la mande pou l peye a. Enfòmasyon detaye pou chak bagay dwe gen ladan l enfòmasyon ki anba yo, men yo pa limite a enfòmasyon sa yo sèlman :

i) Non konplè, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo sekirite sosyal (si l disponib), chwa sou kouvèti asirans li gen kounye a, enfòmasyon sou sitwayènte ak rezidans ak resous finansye pasyan an genyen kounye a yo ka itilize pou peye bòdwo l la ;

**MANYÈL REGLEMAN
ADMINISTRATIF SIGNATURE
HEALTHCARE BROCKTON**

Sijè : Regleman sou kredi ka

Paj 2 nan 9 paj

- ii) Si l aplikab, non konplè moun ki te bay pasyan an garanti, adrès li, nimewo telefòn li, dat nesans li, nimewo sekirite sosyal li (si l disponib), chwa sou kouvèti asirans li gen kounye a, enfòmasyon sou sitwayènte ak rezidans ak resous finansye l genyen kounye a yo ka itilize pou peye bòdwo pasyan an ; ak
- iii) Lòt resous yo ka itilize pou peye bòdwo a tankou lòt pwogram asirans yo, asirans machin oswa asirans pwopriyete kay si se akòz yon aksidan yo te bay tretman an, pwogram endemnizasyon nan travay, asirans pou etidyan, ak nenpòt lòt revni fanmi an tankou eritaj, kado oswa lajan yo pran nan yon fideyikomi ki te disponib, pami yon pakèt lòt.

Pasyan an gen pou responsablite tou pou l sonje bòdwo lopital li pako peye tankou ko-peman, ko-asirans ak dediktib yo epi pou l kontakte lopital la si l bezwen asistans pou peye yon pati oswa tout lajan bòdwo a. Anplis, yo ekzije pasyan an pou l enfòme swa konpayi asirans sante l gen kounye a (si l gen youn) oswa ajans eta a ki la pou detèmine si pasyan an kalifye pou yon pwogram piblik, de tout chanjman ki gen nan revni fanmi an oswa nan sitiyoasyon asirans li. Lopital la ka ede pasyan an tou pou l mete ajou enfòmasyon pou l konnen si l kalifye pou yon pwogram piblik lè gen chanjman nan revni fanmi an oswa nan sitiyoasyon asirans li, amezi pasyan an te enfòme lopital la konsènan chanjman sa yo nan kondisyon kalifikasyon l lan.

Lopital la ap travay ak pasyan an pou l asire l li konnen responsablite l pou l fè lopital ak pwogram li genyen k ap ba l asistans la (tankou MassHealth, Connector, Health Safety Net oswa Medical Hardship) konnen nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak chanjman nan revni fanmi an, oswa si l te fè yon reklamasyon asirans ki ka peye pou sèvis lopital la te ba l yo. Si gen yon tyès pati (tankou asirans kay oswa machin, elatriye) ki responsab pou l peye pou swen yo akòz yon aksidan oswa yon lòt ensidan, pasyan ap travay ak lopital la oswa pwogram li ladan l lan (tankou MassHealth, Connector, Health Safety Net, elatriye) pou l ba yo dwa pou yo fè rekouvremant lajan yo te peye oswa yo pa t ko peye pou sèvis sa yo.

b) Obligasyon pa lopital la :

Lopital la ap fè tout efò rezonab ak dilijan pou l kolekte enfòmasyon sou asirans pasyan an ak tout lòt enfòmasyon pou verifye pasyan an gen kouvèti pou sèvis swen sante y ap ba li yo nan lopital la. Yo ka fè efò sa yo lè pasyan an te vin anrejistre an pèsòn pou premye fwa li te vin mande yon sèvis nan lopital la oswa yo ka fè sa yon lòt lè. Anplis, lopital la ap fè pasyan an konnen disponiblite chwa kouvèti yo ki genyen atravè yon pwogram asistans piblik oswa asistans finansye lopital la tankou kouvèti atravè MassHealth, pwogram èd pou peye asirans Health Connector ap jere a, pwogram Children's Medical Security a, Health Safety Net oswa Medical Hardship, lè yo voye yon bòdwo bay pasyan an oswa moun ki ba l garanti a apre yo te fin ba l sèvis yo. Apre, lopital la ap fè tout dilijans posib atravè sistèm verifikasyon finansye piblik oswa prive ki ekziste yo pou l detèmine si l kapab idantifye si pasyan an kalifye pou kouvèti asirans piblik oswa prive. Lopital la ap fè tantativ pou kolekte enfòmasyon sa yo anvan l bay nenpòt sèvis swen sante ki pa yon ijans e ki pa bezwen atansyon imedyata. Lopital la ap retade nenpòt tantativ pou l jwenn enfòmasyon sa yo lè y ap trete yon pasyan pou yon sitiyoasyon medikal ki ijan oswa si l bezwen sèvis swen imedyata.

Lopital la ap fè tout efò dilijan sa yo tankou mande enfòmasyon sou asirans pasyan an, tcheke nenpòt bank done asirans piblik oswa prive ki disponib, swiv prensip sou fakti ak otorizasyon yo, ak jan sa apwopriye, al nan apèl pou nenpòt reklamasyon yo refize peye lè gen yon tyès pati

**MANYÈL REGLEMAN
ADMINISTRATIF SIGNATURE
HEALTHCARE BROCKTON**

Sijè : Regleman sou kredi ka

Paj 3 nan 9 paj

konpayi asirans ki ka responsab pou peye sèvis swen sante resan pasyan an lè se sèvis yo ta dwe peye tout lajan an oswa yon pati nan lajan an pou yo. Lè pasyan an fin enfòmè anplwaye k ap fè anrejistremant oswa admisyon an, anplwaye yo tou dwe travay ak pasyan an pou yo asire yo yo voye enfòmasyon ki pètinan bay pwogram piblik apwopriye yo tankou nenpòt chanjman nan revni fanmi an oswa sitiyasyon asirans li, si gen pouswit lajistis oswa reklamasyon asirans ki ta ka peye pou sèvis lopital la te bay yo.

Si pasyan an oswa moun ki ba l garanti a pa an mezi pou bay enfòmasyon nou bezwen yo, e si pasyan an dakò, lopital la ap fè tout efò rezonab pou l kontakte fanmi, zanmi, moun ki bay garanti / responsab la ak oswa lòt tyès pati apwopriye pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Tout efò dilijans rezonab lopital pral fè pou l chache konnen si gen yon tyès pati asirans oswa si gen lòt resous ki ka responsab pou peye pou sèvis lopital la gen ladan yo, men san yo pa limite sèlman a sa yo, mande pasyan an pou l fè n konnen si gen yon asirans li konnen ki ta dwe peye pou reklamasyon yo, tankou : (1) asirans pou machin oswa pou kay, (2) asirans pwoteksyon pou aksidan jeneral oswa domaj pèsonèl, (3) pwogram endemnizasyon travayè yo, ak (4) asirans pou etidyan, pami yon pakèt lòt. Si lopital la reyisi idantifye yon tyès pati asirans ki responsab pou peye a oswa si l resevwa peman nan men tyès pati sa a oswa yon lòt resous (tankou yon asirans prive oswa yon lòt pwogram piblik), lopital la ap rapòte peman an bay pwogram ki konsène a epi l ap dedui montan an, si sa an akò ak ekzijans pwogram ki te fè reklamasyon an, nan nenpòt reklamasyon yon tyès pati oswa lòt resous te deja peye. Pou pwogram asistans piblik leta yo ki te gentan peye pou sèvis, lopital la pa oblije pou l fè repatisyon si yon pasyan gen dwa pou yon tyès pati ta kouvri sèvis yo ba li. Nan ka sa yo, pasyan an dwe konnen pwogram leta ki konsène a ka fè tantativ pou l chache pou tyès pati a ka peye pou yon pati nan sèvis yo te bay pasyan an.

B. Regleman sou bòdwo lopital ak rekouvremant

Lopital la gen yon sistèm ki inifòm ak konsistan lè l ap soumèt ak fè rekouvremant reklamasyon yo li voye bay pasyan yo san l pa konsidere sitiyasyon asirans yo. Espesyalman, si pasyan te gen yon balans yo pa t ko peye pou li ki gen rapò ak sèvis yo te bay pasyan an epi asirans piblik oswa prive a pa t peye pou li, lopital la ap swiv pwosedi ki rezonab yo nan domèn rekouvremant / faktirasyon tankou :

- a) Y ap voye yon premye bòdwo bay pasyan oswa antite ki responsab pou obligasyon finansye pèsonèl pasyan an ; bòdwo inisyal la ap gen ladan l enfòmasyon sou pwogram asistans finansye ki disponib yo (tankou MassHealth, pwogram èd pou peye asirans Health Connector ap jere a, pwogram Children's Medical Security a, Health Safety Net ak Medical Hardship) pou kouvri lajan bòdwo lopital la :
- b) Bòdwo y ap kontinye voye yo, apèl telefonik yo, lèt rekouvremant yo, avi pa òdinatè yo oswa nenpòt lòt metòd pou voye avi yo ki reprezante yon efò otantik pou kontakte antite ki responsab pou bòdwo yo pa ko peye a, ap gen ladan yo tou enfòmasyon sou kijan pasyan an ka kontakte lopital la si l bezwen asistans finansye
- c) Si l posib, dokimantasyon sou efò altènatif yo te fè pou lokalize antite ki responsab pou dèt la oswa pou jwenn adrès ekzat pou bòdwo lapòs yo retounen yo paske « adrès la pa bon » oswa « yo pa ka fè livrezon an »
- d) Voye yon dènye bòdwo pa lèt sètifye bay pasyan yo ki pa gen asirans yo (sa yo ki pa nan pwogram tankou Health Safety Net oswa MassHealth) ki gen yon dèt ijans delenkan ki plis pase \$1.000 pou sèlman sèvis yo te resevwa an ijans, kote avi yo te voye ba yo a pa t retounen paske « adrès la pa bon » oswa « yo

**MANYÈL REGLEMAN
ADMINISTRATIF SIGNATURE
HEALTHCARE BROCKTON**

Sijè : Regleman sou kredi ka

Paj 4 nan 9 paj

pa ka fè livrezon an », epitou y ap fè pasyan an konnen disponiblite asistans finansye nan komunikasyon an.

- e) Y ap kenbe ak mete disponib, dokimantasyon pou bòdwo yo kontinye voye ak aksyon yo te fè pou rekouvremant pandan 120 jou apati dat sèvis la, pou pwogram federal ak / oswa eta ki konsène yo ka verifye efò sa yo ; epi
- f) Tcheke Sistèm Verifikasyon Elijiblite a (EVS an anglè) pou asire n pasyan an pa yon pasyan ki gen Ti revni epi ki pa t fè yon aplikasyon pou kouvèti swa MassHealth, pwogram èd pou peye asirans Health Connector ap jere a, pwogram Children's Medical Security a, Health Safety Net ak Medical Hardship, anvan nou voye yon reklamasyon bay Biwo Health Safety Net la pou kouvèti dèt delenkan.
- g) Pou tout pasyan ki anwole nan pwogram asistans piblik yo, lopital la ka sèlman voye ba yo bòdwo pou ko-peman, ko-asirans oswa dediktib espesifik ki ekri nan regleman eta ki konsène a e ki ka anplis nan Sistèm jesyon enfòmasyon Medicaid eta a.

Lopital la ap chache yon peman espesifye pou pasyan sa yo ki pa kalifye pou anwole nan yon pwogram MassHealth oswa yon pwogram asistans piblik tankou pasyan yo ki pa rezide nan eta a, men ki, otreman, ta tonbe nan kategori finans jeneral ki ta pèmèt yo kalifye pou yon pwogram asistans piblik eta a. Pou pasyan sa yo, lopital ap fè yo konnen si gen resous adisyonèl ki disponib ki ap baze sou revni pasyan an ak kèk lòt kritè jan yo ekri yo a nan regleman sou asistans finansye lopital la.

Lopital la, lè pasyan an mande l epi apati yon revizyon entèn kondisyon finansye chak pasyan, ka ofri yon pasyan yon rabè adisyonèl oswa lòt asistans dapre pwòp pwogram asistans finansye entèn li a, l ap aplike yon fason inifòm, san diskriminasyon pou tout pasyan yo e ki ap teni kont de enfòmasyon yo sou sitiyo finansye pasyan ak enkapasite pasyan pou l fè yon peman apre aksyon rezonab pou rekouvremant yo. Nenpòt rabè lopital la fè ap an akò ak ekzijans federal ak eta a, epi sa p ap enfluyanse pou pasyan an resevwa sèvis nan lopital la.

C. Popilasyon ki ekzan de aktivite rekouvremant yo

Popilasyon pasyan ki anba a ekzan de nenpòt pwosesis rekouvremant oswa pou yo voye bòdwo ba yo dapre prensip ak regleman eta a : Pasyan ki anwole nan pwogram asirans sante piblik tankou MassHealth, Èd Ijans pou Moun Aje yo, Andikape an Ti Moun yo (EAEDC an anglè) Children's Medical Security Plan (CMSP), si revni bri ajiste modifiye a (MAGI an anglè) egal oswa pi piti pase 300% Liy Povrete Federal la (FPL an anglè) ; Pasyan yo ki gen Ti Revni yo dapre MassHealth ak Health Safety Net.....

Revni fwaye oswa Revni yo konsidere pou fanmi ki gen difikilte medikal yo (Medical Hardship Family Countable Income) ant 150.1 a 300% FPL ak Medical Hardship tonbe anba eksepsyon ki anba yo :

- a) Lopital la ka antreprann aksyon rekouvremant kont nenpòt pasyan ki anwole nan pwogram yo masyone anwo yo pou ko-peman ak dediktib, chak pwogram espesifik yo ladan yo ekzije pou yo peye ;
- b) Lopital la ka tou kòmanse voye bòdwo oswa fè rekouvremant kont yon pasyan ki pretann li nan yon pwogram asistans finansye ki ap peye pou sèvis lopital yo, men li pa ka bay prèv li nan pwogram nan vre. Apre yo resevwa prèv satisfèzan ki montre pasyan an nan yon pwogram asistans finansye (tankou resi oswa verifikasyon pasyan an te siyen aplikasyon an) lopital la dwe sispann voye bòdwo ba li ak aktivite rekouvremant yo ;

**MANYÈL REGLEMAN
ADMINISTRATIF SIGNATURE
HEALTHCARE BROCKTON**

Sijè : Regleman sou kredi ka

Paj 5 nan 9 paj

- c) Lopital ka kontinye ak aksyon pou fè rekouvremman yo pou nenpòt sèvis yo te bay yon pasyan ki gen Ti Revni anvan yo te detèmine pasyan an gen Ti Revni an, apati moman yo te tèmine oswa estati Ti Revni pasyan an te ekspire oswa, yo pa t, otreman, idantifye pasyan an nan Sistèm Verifikasyon Elijiblite eta a oswa Sistèm Jesyon Enfòmasyon Medicaid la. Sepandan, apati moman yo detèmine pasyan an kalifye epi li anwole nan MassHealth, pwogram èd pou peye asirans Health Connector ap jere a, pwogram Children's Medical Security Plan an oswa Medical Hardship, lopital la ap sispann aktivite rekouvremman pou sèvis yo (eksepte nenpòt kopeman ak dediktib) yo te dwe peye anvan kòmansman peryòd yo kalifye a.
- d) Lopital la ka antreprann aksyon rekouvremman kont nenpòt pasyan k ap patisipe nan pwogram yo ki anwo yo pou sèvis asirans pa kouvri yo epi pasyan an te dakò pou l pran responsablite pou l peye pou yo a, depi pasyan an te bay lopital la yon konsantman alekri pou yo te voye bòdwo a ba li pou sèvis sa yo. Sepandan, menm nan sikonstans sa yo, lopital la pa ka voye bòdwo bay pasyan an pou reklamasyon ki gen rapò ak erè medikal oswa reklamasyon konpayi asirans prensipal pasyan an refize peye akòz erè administratif oswa nan bòdwo a.

D. Pwosesis rekouvremman lopital la

- a) Lopital la p ap antreprann okenn « aksyon rekouvremman ekstraòdinè ». Lopital la ap aksepte ak trete yon aplikasyon pou asistans finansye, anba regleman sou asistans finansye l la, yon pasyan soumèt pou tout « peryòd aplikasyon an. » « Peryòd aplikasyon an » kòmansman nan dat yo bay swen an epi l fini nan dat apre 240* jou apre dat yo te voye premye bòdwo apre ekzeyat la pou swen li te bay yo, ki sijè a ekzijans adisyonèl espesyal sa yo. Peryòd aplikasyon pa fini anvan 30 jou apre lopital la te bay pasyan an avi 30 jou a yo dekri anba a. Nan ka yon pasyan, enstitisyon lopital la te detèmine ak prezonpsyon, li kalifye pou mwens pase asistans ki pi jenere a dapre regleman asistans finansye lopital la, aplikasyon an p ap fini anvan finisman yon peryòd rezonab pou pasyan an aplike pou yon asistans finansye ki pi jenere, jan sa dekri anba a.
- b) Lopital la (i) bay pasyan an yon avi alekri ki endike gen asistans finansye ki disponib pou pasyan ki kalifye yo, (ii) bay pasyan yon rezime, nan yon langay ki klè, regleman sou asistans finansye a ; epi (iii) fè yon efò rezonab pou fè pasyan an konnen oralman regleman sou asistans finansye ak kijan pasyan ka jwenn asistans avèk pwosesis aplikasyon regleman sou asistans finansye a ; eksepte gen ekzijans espesyal y ap aplike lè yo ranvwaye oswa yo refize bay swen medikal ki nesèsè jan sa dekri anba a.
- c) Si yon pasyan soumèt yon aplikasyon ki konplè oswa ki pa konplè pou asistans finansye a dapre regleman asistans finansye lopital la pandan peryòd aplikasyon an (i) lopital la ap detèmine si pasyan an kalifye pou asistans finansye dapre regleman asistans finansye lopital la oswa (ii) nan ka aplikasyon pou asistans finansye a pa konplè, lopital la ap mande enfòmasyon adisyonèl ak / oswa dokimantasyon nan yon peryòd tan ki rezonab. Lopital ka pran tou aksyon sipleman tou depan si aplikasyon an konplè oswa enkonplè jan yo dekri sa anba a.
- d) Oka yon pasyan soumèt yon aplikasyon konplè pou asistans finansye pandan peryòd aplikasyon an, lopital la, kounye a, pral detèmine èske pasyan an kalifye pou asistans finansye a. Si lopital la detèmine pasyan an kalifye pou asistans apa pa free care (swen gratis), lopital la ap (i) bay pasyan yon bòdwo k ap endike kantite lajan pasyan an dwe pou swen an kòm yon pasyan ki kalifye pou asistans finansye epi y ap montre oswa dekri kijan pasyan an ka jwenn enfòmasyon konsènan Kantite Lajan Dabitid swen sa koute, (ii) renmèt pasyan an nenpòt kantite lajan pasyan an te peye pou swen an ki depase kantite lajan yo detèmine pasyan an te pèsònèlman

**MANYÈL REGLEMAN
ADMINISTRATIF SIGNATURE
HEALTHCARE BROCKTON**

Sijè : Regleman sou kredi ka

Paj 6 nan 9 paj

responsab pou l peye epi, nan ka, pasyan an pa t soumèt yon aplikasyon ki konplè pou asistans finansye pandan peryòd aplikasyon an, lopital la ap bay pasyan, anplis de sa, yon avi alekri k ap dekri enfòmasyon adisyonèl ak / oswa dokimantasyon yo ekzije dapre regleman asistans finansye epi ki ladan l enfòmasyon pou yo kontakte l.

- e) Lopital la ka avèk prezonpsyon detèmine yon pasyan kalifye pou yon asistans finansye dapre regleman asistans finansye a apati enfòmasyon ki pa t enfòmasyon pasyan an te bay yo oswa apati yon detèminasyon pou elijiblite yo te fè anvan. Nan ka yon pasyan kote lopital la te detèmine li kalifye pou yon asistans finansye ki pi piti pase asistans finansye ki pi jenere a dapre regleman asistans finansye a, lopital la ap : (i) fè pasyan an konnen sou kisa yo te baze prezonpsyon pou detèminasyon elijiblite l la ak mwayen pou l aplike pou asistans ki pi jenere ki disponib dapre regleman sou asistans finansye a ; (ii) bay pasyan an yon peryòd tan ki rezonab pou l aplike pou asistans ki pi jenere a epi (iii) si pasyan an soumèt yon aplikasyon konplè pou l mande yon asistans finansye ki pi jenere, pandan peryòd aplikasyon an, detèmine si pasyan an elijib pou yon rabè ki pi jenere.
- f) Lopital la ak ajan li yo pa dwe kontinye rekouvreman oswa efò pou voye bòdwo bay yon pasyan ki deja nan pwosesis li deklare fayit eksepte pou asire dwa l yo kòm yon kreditè nan lòd apwopriye a (pwogram asistans piblik ki te deja peye pou sèvis yo ka antreprann menm aksyon sa yo tou). Lopital la ak ajan l yo p ap mete enterè sou balans lajan, dat pou te peye l la gentan pase, pou Pasyan ki gen Ti Revni yo oswa pou pasyan yo ki satisfè kritè yo pou kouvèti atravè pwòp pwogram asistans finansye entèn lopital la.
- g) Lopital la ap aji an konfòmite avèk ekzijans sou fakti ki an vigè yo epi swiv ekzijans lwa eta a ak federal ki an vigè yo konsènan lè yo pa peye pou sèvis espesifik ki se te rezilta oswa ki gen rapò dirèk ak yon Evenman Grav yo dwe Rapòte (SRE an anglè), koreksyon yon SRE apre yon konplikasyon SRE te lakoz oswa yon re-admisyon nan menm lopital la pou sèvis ki gen rapò avèk SRE a. Yo p ap mete SRE yo ki pa t rive nan lopital la nan kategori pou yo pa peye yo depi enstitisyon k ap bay tretman an ak enstitisyon ki responsab pou SRE a pa gen menm mèt oswa yo pa pou yon menm konpayi. Lopital la tou p ap chache peman nan men yon pasyan ki gen Ti Revni atravè pwogram Health Safety Net la paske yon pwogram asirans te rejte reklamasyon l te fè yo akoz lopital te fè yon erè administratif nan bòdwo a.

E. Ajans rekouvreman ekstèn

Lopital la ka fè kontra ak yon ajans rekouvreman ekstèn pou ede yo nan rekouvreman kèk dèt, ki gen ladan l lajan pasyan yo responsab pou yo peye men yo pako peye yo apre 120 jou efò rekouvreman kontini. Lopital la tou ka fè kontra yo oblije ekzekite avèk ajans rekouvreman ekstèn. Nenpòt nan kontra sa yo ki pèmèt yo vann dèt yo pa trete tankou yon mezi rekouvreman ekstraòdinè ap satisfè ekzijans yo dekri anwo a. Tout ajans rekouvreman lopital la anplwaye ap bay pasyan an yon opòtinite pou l depoze yon doleyans epi y ap voye rezilta doleyans pasyan an bay lopital la. Lopital la ekzije nenpòt ajans rekouvreman ekstèn li itilize, pou l opere an akò ak ekzijans rekouvreman dèt ki jis dapre lalwa federal la ak eta a.

F. Avalwa ak plan vèsman pa tranch yo

Konfòmman ak regleman Massachusetts Health Safety Net konsènan pasyan yo ki swa : (1) yo detèmine ki se « Pasyan ki gen Ti Revni » oswa (2) kalifye pou Medical Hardship, lopital la ap bay pasyan an enfòmasyon sou avalwa ak plan peman yo ki ap baze sou enfòmasyon yo genyen yo sou sitiyasyon finansye l. Nenpòt lòt plan an ap baze sou pwòp pwogram asistans finansye entèn lopital la epi li p ap aplike pou pasyan yo ki gen mwayen pou yo peye.

**MANYÈL REGLEMAN
ADMINISTRATIF SIGNATURE
HEALTHCARE BROCKTON**

Sijè : Regleman sou kredi ka

Paj 7 nan 9 paj

a) Sèvis ijans yo

Yon lopital ka pa ekzije avalwa nan men pasyan ki bezwen Sèvis nan ka ijans oswa yo detèmine ki gen Ti Revni anvan l entène yo ak / oswa anvan l trete.

b) Avalwa nan men Pasyan ki gen Ti Revni

Yon lopital ka mande pasyan yo detèmine ki gen Ti Revni yo pou yo bay yon avalwa. Jan avalwa sa yo pa dwe depase 20% lajan dediktib la e l pa ka plis pase \$500. Tout balans ki rete yo ap sijè a kondisyon plan peman yo ki etabli nan 101 CMR 613.08(1)(g).

c) Avalwa pou Pasyan Medical Hardship yo

Yon lopital ka mande pasyan yo ki kalifye pou Medical Hardship yo pou yo bay yon avalwa. Avalwa yo pa dwe depase 20% kontribisyon Medical Hardship la e l pa ka plis pase \$1.000. Tout balans ki rete yo ap sijè a kondisyon plan peman yo ki etabli nan 101 CMR 613.08(1)(g).

d) Plan peman yo pou Pasyan ki gen Ti Revni yo konfòmman a pwogram Massachusetts Health Safety Net la

Yon pasyan ki gen yon balans \$1.000 oswa mwens, apre l te bay premye avalwa a, yo dwe ofri l yon plan peman san enterè pou en (1) an pou pi piti ak yon peman minimòm ki pa dwe depase \$25 pa mwa. Yon pasyan ki gen yon balans plis pase \$1.000, apre l te bay premye avalwa a, yo dwe ofri l yon plan peman san enterè pou de (2) an pou pi piti.

e) Dediktib Yon Sèl Fwa CommonHealth la

Si pasyan an fè demand la, lopital la ka voye bòdwo bay yon Pasyan ki gen ti Revni pou pèmèt pasyan an rive nan limit Dediktib Yon Sèl Fwa CommonHealth la

f) Gen plan peman pou Pasyan ki gen ti Revni ki gen HSN pasyèl konfòmman a pwogram Massachusetts Health Net la, pou sèvis yo ba yo nan lopital ki se enstitisyon sante lisansye, nan kote ki anba yo :

- *Brockton Hospital Outpatient Care Center*
 - o *130 Quincy Avenue, Iye ak 2zyèm etaj, Brockton, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital*
 - o *110 Liberty Street, Iye etaj, Suit #1B, Brockton, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital Imaging*
 - o *31 Roche Brothers Way, Easton, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital Rehabilitation Services*
 - o *1215 Broadway, Iye ak 2zyèm etaj, Raynham, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital @430 Liberty Street*
 - o *430 Liberty Street, swit #7, Hanson, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital Rehabilitation Services East Bridgewater*
 - o *635 Plymouth Street, East Bridgewater, MA 02333*
- *Signature Healthcare Greene Cancer Treatment Center*
 - o *25 Libby Street, Iye ak 2zyèm etaj Brockton, MA*
- *Brockton Radiation Oncology, LLC*

**MANYÈL REGLEMAN
ADMINISTRATIF SIGNATURE
HEALTHCARE BROCKTON**

Sijè : Regleman sou kredi ka

Paj 8 nan 9 paj

- o 25 Libby Street, Brockton, MA*
- *Shields Signature Imaging, LLC*
 - o 680 Centre Street, Brockton, MA*

g) Lopital la ofri Pasyan ki gen Ti Revni yo ki gen Health Safety Net Pasyèl yo yon plan ko-
asirans ki pèmèt pasyan an peye 20% peman Health Safety Net la pou chak randevou
jiskaske pasyan an satisfè dediktib anyèl li a. Balans ki rete a Health Safety Net ap elimine
l.

REFERANS YO :

101 CMR 613.00 Credit & Collection Regulatory Requirements (Ekzijans prensip sou Kredi ak
Rekouvremant)
I.R.C SOI(r)

REVIZE PA :

DAT :

Direktè Finans la
Konsèy Regleman Administratif septanm 2019
Komite Finans la septanm 2019
Konsèy Administrasyon Septanm 2019

septanm 9/2019

**SIGNATURE HEALTHCARE
BROCKTON HOSPITAL**

PAJ SIYATI APWOBASYON REGLEMAN YO

TIP DOKIMAN : X Regleman Administratif # 400.301

NOUVO DOKIMAN : _____ Wi X Non

NON DOKIMAN AN : Regleman sou kredi ak rekouvremman
DEPATMAN : Finans

APWOUVE PA	SIYATI	EKRI NON AN KARAKTÈ ENPRIMRI :	DAT YO APWOUVE L LA :
PREZIDAN KOMITE REVIZYON REGLEMAN YO		Kim Walsh, RN	5 novanm 2019
VIS PREZIDAN KONTWÒL KALITE		Barbara Curley, RN	5 novanm 2019
PREZIDA KONSÈY ADMINISTRASYON AN		Joseph Drier	11 mas 2019